



Yo revize dokiman sa a nan mwa jen 2021

Ki kote pou Jwenn Repons pou Kesyon sou Medicare Ou yo

Vizite Medicare.gov pou:

- Wè ki sèvis Medicare kouvri
- Jwenn enfòmasyon sou plan sante ak medikaman Medicare nan zòn ou abite a, ki enkli depans ak benefis yo
- Chwazi epi enskri nan yon plan sante oswa medikaman Medicare ki satisfè bezwen ou yo
- Jwenn yon polis Asirans Siplemanchè Medicare (Medigap) nan zòn ou abite a
- Jwenn doktè, pwofesyonèl swen sante ak founisè k ap patisipe nan Medicare
- Konnen kijan pou depoze yon kontestasyon Medicare oswa fason pou kite yon moun pale avèk Medicare nan non ou
- Konpare kalite swen ke etablisman swen sante yo bay
- Gade piblikasyon Medicare yo ak lòt resous yo

Kreye yon kont Medicare sekirize pou:

- Gade epi enprime yon kopi kat Medicare ofisyèl ou a
- Suiv reklamasyon Original Medicare ak dediktib Pati B (Asirans Medikal) ou a
- Enskri pou w resevwa Avi elektwonik sou Bilan Medicare (eMSNs) yo
- Jere enfòmasyon sante pèsònèl ou (tankou kondisyon medikal, alèji ak aparèy yo grefe nan kò w)
- Enskri pou w jwenn ti liv elektwonik "Medicare & You" (Medicare ak Oumenm) (ou p ap resevwa yon kopi enprime si ou chwazi genyen l nan vèsyon elektwonik)
- Jere lis medikaman sou preskripsyon ou
- Chèche pou w, ajoute, epi jere yon lis pwofesyonèl swen w yo epi jwenn bon jan enfòmasyon sou yo

Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; TTY: 1-877-486-2048) pou:

- Tcheke estati reklamasyon Medicare ou
- Jwenn repons sou dediktib Medicare ou yo
- Jwenn repons pou kesyon sou pèman prim asirans Medicare yo
- Rapòte fwod Medicare
- Konteste yon kouvèti Medicare oswa desizyon pèman
- Jwenn nivo Èd Siplemanntè (Extra Help) avèk depans pou kouvèti medikaman Medicare si ou kalifye pou sa otomatikman epi si ou pa te aplike
- Jwenn enfòmasyon sou kouvèti asirans, avantaj ak sèvis prevantif Medicare yo

Rele ssa.gov oswa rele Sekirite Sosyal nan 1- 800- 772- 1213

(TTY : 1-800-325-0778) pou:

- Konnen si w elijib pou Medicare
- Kreye yon kont “my Social Security” (“Sekirite Sosyal mwen”), pou w fè bagay tankou rapòte yon chanjman nan adrès, non oswa nimewo telefòn
- Enskri pou Medicare Pati A (Asirans Lopital) ak Medicare Pati B (Asirans Medikal)
- Anile enskripsyon w nan Pati B (oswa anile enskripsyon w nan Pati A, si ou peye yon prim asirans pou li)
- Aplike pou Èd Siplemanntè avèk depans kouvèti medikaman Medicare
- Rapòte yon ka lanmò
- Konteste kont desizyon Revni ki gen Rapò ak Montan Ajisteman Mansyèl (Income-Related Monthly Adjustment Amounts, IRMAA) (kèk moun peye yon montan prim asirans pou Pati B ak/oswa Pati D ki pi wo si revni yo depase yon sèten montan)

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Medicare nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou soumèt yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Ale nan [Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice](https://www.medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice), oubyen rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou jwenn plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

Pwodui sa a fèt sou kont kontribiyab Etazini.

